

# Atik 1557: Kouvèti Asirans Sante nan Marketplaces ak Lòt Plan Sante

---

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Affordable Care Act (Lwa sou Swen Abòdab) 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon nan asirans sante pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki resevwa pèman Medicaid; Health Insurance Marketplaces (Akò pou Asirans Sante) oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm. Pwovizyon nan règleman ki egzije chanjman nan konsepsyon asirans sante oswa nan benefis plan sante gwoup yo, gen yon dat aplikasyon premye jou nan ane premye plan an (nan ane politik akò endividyèl la) apati de oswa apre 1<sup>e</sup> janvye 2017.

Atik 1557 la pwolonje pwoteksyon pou moun ki enskri nan divès asirans ki gen rapò ak sante. Enstitisyon ki konsène yo enkli:

- Konpayi asirans sante, lopital, klinik sante, klinik doktè, sant sante kominotè, mezon retrèt, ajans Medicaid Eta, elatriye, ki resevwa èd, antanke benefisyè sibvansyon, pwopriyete, fon kontrepati federal Medicaid, pèman Medicare Part D ak asistans finansye dapre Tit I ACA (Lwa sou Swen Abòdab) la
- State-based and Federally-facilitated Health Insurance Marketplaces (Akò sou Asirans Sante ki baze nan Eta ak Akò Gouvènman Federal la Sipòte) yo
- Tout pwogram sante ak aktivite HHS la jere

Pwoteksyon pou Kouvèti Asirans Sante: Aksyon sa yo entèdi sou baz ras, koulè peyi orijin, sèks, laj oswa enfimite. Enstitisyon ki konsène yo espesyalman sou yon baz diskriminatwa, pa ka:

- Nye, anile, limite oswa refize pou emèt oswa renouvel yon plan asirans ki gen rapò ak sante oswa lòt kouvèti sante.
- Nye oswa limite yon reklamasyon oswa enpoze pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon sou kouvèti.
- Angaje nan pratik maketing ki fè diskriminasyon oswa mete anplas benefis ki fè diskriminasyon nan asirans ki gen rapò ak sante oswa lòt kouvèti ki gen rapò ak sante.
- Nye oswa limite yon reklamasyon oswa enpoze pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon sou kouvèti, pou sèvis sante yo bay a moun ki transeksyèl, ki spesifik a yon sèks, sèlman paske yo idantifye ke moun k ap chèche sèvis sa kòm yon moun ki apatyan ak yon lòt sèks.
- Ekskli kategorikman kouvèti pou tout sèvis ki lye ak sante pou tranzisyon sèks, epi li pa ka nye oswa limite yon reklamasyon oswa enpoze yon pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon pou nenpòt sèvis sante patikilye ki gen rapò ak tranzisyon seksyèl si sa lakoz diskriminasyon kont yon moun ki transeksyèl.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557..>